ISSN 2010-720X

# ILIM HÁM JÁMIYET




# FAN VA JAMIYAT

2017 (№2)

пикирлер менен бирге және бир нәрсени анық рәўшан етеди – бул да болса түркий-монғол, араб-парсы халықларындағы бундай сыйқырлы ҳәдийсели сюжетлик мотивлер олардың бир дәректен тарқалғанлығын көрсетиў менен бирге бул мотивлердиң ҳәр қыйлы форма ҳәм мақсетлерде берилиўи аты аталған халықлардың ҳәр қыйлы турмыс тәризинен ғана дәрек берип қоймастан, олар арасындағы көп мың жыллық тарийхый, мәдений байланыслардан, бул халықлар арасында жүз берген руўхый-мәдений, дослық жақынласыўлардан да сыр шертип турады. Ал, бул халықлардың эпик фольклорындағы атлары аталған сыйқырлы ҳәдийсели сюжетлик мотивлер ҳаққындағы жоқарыда биз атап өткен сырт ел алымларының пикирлери болса эпостаныў бойынша келешекте салыстырмалы-типологиялық жоба-усылларда алып барылатуғын үлкен изертлеўлерге дәстиярлы илимий-эстетикалық тийкарлар болып хызмет етери сөзсиз.

**Әдебиятлар**

1. Горгут ата. Гадымы туркмен эпосы. —Ашхабад: «Туркменистан», 1990.
2. Жирмунский В. М. Тюркский георический эпос.-Л-М.: «Наука», 1974.
3. Еремина И. Миф и народная песня//Миф. Фольклор. Литература. —Л.: «Наука» Л. О., 1978.
4. Короглы Х. Огузский героический эпос. —М., «Наука», 1976.
5. Қасқабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Алматы: «Ғылым», 1981.
6. Мелетинский Е.М. Поэтика мифа. –М.: «Наука», 1976.
7. Мәржани Ш. Казан ҳәм Болгар ҳәлләре турында файдаланылған хәбәрләр. – Казань: «Татарстан», 1989.
8. Нурмухамедов М.К., А.С.Пушкинниң ертеклери ҳәм Орта Азия халықларының фольклоры. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ туркий фольклоршунослигида ўрганилмаган муаммолардан бири - туркий халқлар, шу жумладан, қорақалпок эпосларининг пайдо бўлишида, генезисида ғоявий -эстетик асосларининг бири бўлиб хизмат қилган сехрли ҳодисали сюжет мотивларнинг туркий - муғул, араб-форс халқларининг оғзаки эпик меросларидаги кўриниши, уларнинг учраши ва хусусиятлари қиёсий - типологик усулда ўрганилган. Бу сеҳрли сюжетли мотивларнинг номи кўрсатилган халқларнинг эпик меросларида муштарак сюжетлар шаклида учраши уларнинг бир манбадан келиб чиқганлигидан, бу халқларнинг кўп йиллик тарихий - маданий алоқаларидан, руўхий - маданий яқинликларидан дарак бериб туради. Бу ҳақда келтирилган чет эл олимларининг фикрлари эса дастлабки қиёсий - типологик тадқиқотлардан дарак бериб туради деган ишончли билан якунланган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается актуальному вопросу в тюркской фольклористике-изучению мотивов сюжета волшебства как идейно-эстетической основы в зарождении и генезисе каракалпакского эпоса. С помощью сопоставительно-типологического метода выявляются сходства и отличия этих мотивов с этическим наследием устного народного творчества тюрко-монгольских и арабских народов. Существование мотивов сюжета волшебства в эпических произведениях вышеуказанных народов объясняется многолетними историко-культурными связями и духовно-культурной близостью этих народов. Приводятся мнения зарубежных учёных по данному вопросу на основе сопоставительно-типологических исследований.

**SUMMARY**

The article is devoted to one of the actual issues of the Turkic folklore the study of the motives of magic plot as an ideological aesthetic basis in the formation and genesis of Karakalpak epos. The use of the comparative-typological method let the author determine the similarities and differences of these motives with the ethic folklore heritage of the Turkic-Mongolian and Arabian-Persian peoples. The presence of the motives of magic plot in the epic works is explained by their historical-cultural connections and spiritual-cultural similarities of the above-mentioned peoples. The article contains the opinious of foreign scholars on the issue under discussion, based on the comparative-typological research works.

## ӘМЕТ ШАМУРАТОВТЫҢ ПРОЗАСЫНДА ОБРАЗЛАР ТИПОЛОГИЯСЫ

**М.Д.Бекбергенова** –*филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: ёзувчи, ижодий, бадиий тўқима, сюжет, образ, мавзу, муаммо, типология.
**Ключевые слова:** писатель, творческая индивидуальность, художественный вымысел, сюжет, образ, тема, проблема, типология.
**Key words:** writer, creative individuality, artistic fiction, plot, image, theme, problem, typology.

Әмет Шамуратов XX әсир қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкили, шайыр, жазыўшы, драматург, дилмаш, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик ғайраткер. Ол Республикамыздың көп тараўларында, мәмлекетлик лаўазымларда ислеген. Қарақалпақ халқының талантлы жасларын тәрбиялаўда, қарақалпақ зыялыларының өсип шығыўында, алымлар, инженерлер, муғаллимлер, шайыр-жазыўшылар, артистлердиң қәлиплесип раўажланыўына өз үлесин қосты, пидайы мийнет етти, меҳир-муҳаббатын берди. Мәмлекетлик искер ҳәм ғайраткерлер Әмет Шамуратовтың заманласлары болған Қ.Әўезов, Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Ж.Аймурзаев, А.Бегимов, М.Дәрибаев, Ә.Өтепов, Н.Жапақов, Р.Қосбергенов, С.Камалов, М.К.Нурмухамедов, Д.Насыровлар менен бирге халықтың мәдениятын, көркем өнерин, илимин раўажландырыўға Ўатанның перзенти сыпатында хызмет етти. Бул дәўир қарақалпақ зыялыларының пайда болған, өсип раўажланған тарийхый дәўири болды.

XIX әсир қарақалпақ әдебияты классикалық дәўир әдебияты деп аталады, XX әсир қарақалпақ әдебияты бизиң миллий әдебиятымыздың барлық жанрлары поэзия, проза, драматургия, түрли жанрлық формалар пайда болды, раўажланды ҳәм қәлиплести. Ә.Шамуратов XX әсир қарақалпақ әдебиятының барлық жанрларының

раўажланыўына өз үлесин қосты. Гүрриңлер, поэмалар, повестьлер, инсценировкаларды дөретти. Оның қосықлары 30-жыллардан баслап баспа сөзинде жәрияланып басланған. Ә.Шамуратовтың «Сыйлық» (1940), «Ўатан ҳаққында қосықлар» (1943), «Бахыт қосықлары» (1949) поэзиялық топламлары, «Ески мектепте» (1940), «Таңламалы шығармалары (1954, 1963) усаған дөретпелери баспадан шыққан.

«Ә.Шамуратовтың поэзиясы кең тематикалық диапозоны, азаматлық пафосы, терең Ўатан сүйиўшилик сезимлери менен айрықшаланып турады», -деп жазған еди Ж.Нарымбетов. [2:7] Оның «Жоңышқа», «Ашық болдым», «Колхоз қызы», «Шөжелер», «Бар, балам бар!», «Қыз Зийбагүл алға өтти», «Шоманай бойы», «Сәўдигим», «Ақ боз ат», «Жан ата», «Өйбей бала», «Мен ашығың», «Тилек», «Сәлем сизге фронттағы улыңнан», «Көрисемиз», «Саўаштан келди», «Бәҳәр шақырығы», «Шад хабар», «Сәлем», «Умытылмас жаз», «Тулпар қус», «Жаздың айы», «Бизиң елде», «Туўылған жер ҳаққында», «Ғаз келди», «Ақ пахта-ақ алтын», «Тракторшы», «Қызыма», «Бәҳәр келди», «Әмиўдәрья», «Оқымақ-билмек» қосықларының атамаларынан көринип турғаныңдай, ХХ әсирдиң 30-50-жыллардағы 20 жыл ишиндеги қарақалпақ халқының турмысы, басынан кеширип өткен тарийхый жоллары: экономика, қурылыс, аўыл хожалығы, оқыў, билим, илим, ғалаба саўатландырыў, парахатшылық өмир, Екинши жәҳән урысы жыллары, урыстан соңғы дәўир, пахта егиў, жоңышқа өсириў, Чаржаў-Қоңырат темир жолының, Тақыятас қаласының қурылыслары, Шоманайдың мың-мын гектар тың жерлерин өзлестириў, жаңа магистрал ҳаўа жолларын ашыў жумыслары усы дәўирдеги шайыр поэзиясының тийкарғы идеялық мазмунын қурады [1:165].

Ә.Шамуратовтың поэзиясында халық аўызеки дөретиўшилигиниң әжайып дәстүрлери: дәстанлардағы батырлардың душпанға атланысқа шығар алдында ата-анасынан рухсат алыў дәстүри Ә.Шамуратовтың лирикасында шеберлик пенен раўажландырылған: 1941-жылы жазылған «Бар, балам бар!» қосығында Еркебайдың өз анасы менен хошласыў эпизодында дәўир руўхы улдың мәртлиги, анасының перзентин қоллап-қуўатлаўы, қаҳарманлық дәстанларды еслетеди, қарақалпақ халқының мәрт, батыр екенлигинен дерек береди:

«Шадлы –хоррам болып тасып,
Тезлик пенен қәдем басып,
Мәрт Еркебай жетип келди.
Анасына қушақ ашып.

– Ана жаным. қәдирданым,
Қәўендерим, мийрибаным,
Ақ сүт берип өсирдиң сен,
Ҳеш те жоқ мениң әрманым.
Тийгенде елге сум душпан,
Мен қалай шыдап тураман,
Әдиўли туўған жан ана,
Саўашқа мен де бараман…

Анасы мәрт қәўендер,
Қыйынлық иске бел буўған.
Ҳарамы душпан исинен,
Көкирегине кек толған.

Керек десе, уллы Ўатан,
Мениң қурбан бул жаным,
Қарыў асып бойыма,
Бараман саған дәрманым.» [5:20]

Ә.Шамуратовтың қайсы бир қосығын оқығанымызда да бул муҳаббат қосығы, ямаса тәбийий байлық ҳаққында лирикасы, жаўынгерлик поэзиясы, қосық қатарларында туўған жерге деген перзентлик сүйиспеншилик сезимлерин толып-тасып турғанын көремиз. Мәселен, 1939-жылы жазылған «Жоңышқа» деген қосығында халықтың миллий байлығы болған жоңышқа, пахтаны жырласа:

Қандай сулыў! Ол даланы жайнатқан,
Көк көрпеси фермаларды қуўантқан,
Жасыл гүли августларда ашылса,
Ай жулдыздай атыз ишин нурлатқан.

Жылда қырмызыдан үйемиз қырман,
Турмыс абад, шадлы сүремиз дәўран,
Нәўбәҳәрде пахта егисин егип,
Зүрәәт арттырар кыз жигит, жаўан. [5:16]

1946-жылы жазылған «Ғаз келди» қосығында тәбият гөззаллығы жырланады:

Сәўирдиң самалы жанға жаққанда,
Сыңқ-сыңқ күлип, салмада суў аққанда,
Шымшықлар пар-парлап қанатққанда,
Қулағыма бир жағымлы саз келди.

Қыс өтип, жер жүзи түрге донгенде,
Хош этир ийиси жайнай бергенде,
Ҳәз етип жәнликлер шағлап күлгенде,
Талўас етип ғаңқылдасқан ғаз келди. [5:43]

Ә.Шамуратовтың поэзиясында 1947-жылы жазылған «Әмиўдәрья» қосығы терең лиризмге толы, патриотлық руўхта суўдың қүдирети, ана Ўатан образы менен берип турады:

Ишкенде суўыңды мийрим қанады,
Шийрин жаным рәҳәтке толады,
Әмиўдәрья қуўатымсаң, жанымсаң,
Сен шалқысаң, ел шадлықта болады. [5:48]

Ҳәттеки урыс темасына арнап 1944-жылы жазылған «Сәлем сизге фронттағы улыңнан» қосығында да туўған жердиң гөззаллығы, тәбийий байлықлары үлкен сүйиспеншилик пенен жырланған:

Бағы –бақша, туўылып өскен елатлар,
Суўлары мазалы дәрья, көлатлар,
Мәртликти ышқы еткен не азаматлар,
Сәлем сизге фронттағы улыңнан!

Пахта, жоңышқалы мақпалдай жери,
Балығы туўлаған Аралдың көли,
Бахытлы жасаған қарақалпақ ели,
Сәлем сизге мәдеткарың улыңнан! [5:31]

Шайырдың «Оқымақ - билмек» қосығы ҳәзирги ўақытта да өз әҳмийетин жойтпайды. Себеби жасларды оқыўға, билим ийелеўге, өзлигин аңлаўға, тарийхын билиўге шақырады:

Не бир қыйын дүркин заманлар өтти,
Бул заманға қалайынша кеп жетти?
Бул ушын тереңнен оқымақ, билмек,
Ҳасыл ой пикирин қулаққа илмек. [5:49]

Ә.Шамуратов усылар менен қатар эпикалық поэзия тараўында да «Бахытлы заман», «Ақшолпан –Палман» сыяқлы көлемли поэмалар дөретти. Әдебиятшы Ж.Нарымбетов Әмет Шамуратовтың эпикалық поэзиясында дәўирдиң әҳмийетли мәселелери сөз етилгенлиги ҳаққында жазған еди [2:9].

Ә.Шамуратовтың драмалық шығармалары да белгили. Олардан «Бизиң бахыт», «Туўысқан Украина», «Арал қызы» ҳәм «Қырық қыз» пьесасы бар. Қарақалпақ «Қырық қыз» эпосы тийкарында жазылған усы атамадағы пьесасы Ўатанға садықлық идеясын орайлық тема етип алған.

Ә.Шамуратовтың прозалық шығармалары да бар. Оның «Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым» гүрриңлер циклы ХХ әсир қарақалпақ прозасы тарийхында жаңалық болды. Жазыўшының бурын болмаған гүрриң формасын дөретиўи, соның менен бирге бул гүрриңлерде қарақалпақ әдебияты тарийхында биринши рет жолбарыс дүньясы ҳаққында сөз етиўи, жолбарыс образын ҳәр тәреплеме ашып прозада жаратыўдың өзи Ә.Шамуратовтың новатор, шебер жазыўшы, миллий прозаға жаңа тема, жаңа образ, жаңа сюжет алып келгенлигин көрсетеди. Бул балалар әдебияты емес, ал пүткил ХХ әсир қарақалпақ әдебиятында, оның әжайып үлгиси болды. Жазыўшының жолбарыслар ҳаққында жазған гүрриңлери китап оқыўшыларында адамгершилик, гуманизм идеяларын уғындырады.

«Жолбарыс тырнағында», «Қәўендершилик», «Жолбарыстың баласын өлимнен қутқардым», «Жолбарыс мениң сәлемимди алды» гүрриңлери мине, усы жыртқыш ҳайўанда да кеңпейиллилик, мийримлилик, қыйын аўҳалларға түсип қалыў тәреплери, жақсылықты, дослық жәрдемди билиў ҳәрекетлери ҳайўанатлар патшасы жолбарысқа болған ҳүрметти оятады.

Соның менен бирге бул дөретпеде халықтың миллий байлығы болған бай тәбияты, дәрьядағы балықлар бекире, сүўенлер, шабақлар, сазанлар, көлдеги қуслар, ғазлар, қуўлар, үйреклер, тоғайлардағы түрли ҳайўанатлар бизиң елде көп болғанын дерек береди.

«Қәўендершилик» гүрриңинде жолбарыстың аяғына жийде тикени киргенде, Шәпик мерген тикенди алып, жолбарысқа жәрдем береди.

«Жолбарыстың баласын өлимнен қутқардым», Жолбарыстың қумырысқаға күши жетпегени, Жолбарыстың баласының атаўлап қалғаны, «Ғаз атпаға барғанда» деп аталған бөлимлерде де жыртқыш ҳайўанның өзине жақсылық ислеген адамға миннетдаршылығын образлы картиналар менен береди [5:146-173].

Жолбарысқа оқыўшының жыллы сезимлери оянады. Ол тек қәўипли жыртқыш ҳаўайы емес, ол тири жан жәниўар, жолбарыс та адамнан жәрдем күтеди, оған мүтәж болады. Кырғыз халқының повестинде уллы жазыўшы Ш.Айтматов «Ақ кеме» повестинде кийиклердиң образын жаратып, ҳайўанатларды қорғаў машқаласын ХХ әсирдиң 70-жыллары бурынғы аўқамлық масштабта көтерген болса, қарақалпақ жазыўшысы Ә.Шамуратов ана тәбиятты қәстерлеў, ҳайўанатларға адамгершиликли қатнас жасаў мәселени ХХ әсирдиң 40-50 жыллары усы дөретпеде бириншилерден болып сөз етеди. Ҳәзир де бул шығарма өз әҳмийетин жойтпайды.

Ә.Шамуратовтың «Ески мектепте» повести 1939-жылы жазылған. Сол дәўирдиң өзинде жазыўшының бул дөретпеси қарақалпақ әдебияты тарийхында үлкен әдебий қубылыс болды. ХХ әсир қарақалпақ прозасын арнаўлы түрде изертлеген академик М.К.Нурмухамедов Ә.Шамуратовтың «Ески мектепте» повестин, оның мазмунын, образларын терең талқыға алды ҳәм ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының 30-40-жыллардағы жетискенлиги деп баҳалады [4:113].

«ХХ әсирдиң 30-жылларына дейинги оқыў системасы, ески мектептиң айырым унамсыз иллетлери өткир сынға алынады. Бирақ онда бул оқыў системасы дүзим биротала әшкараланбайды, тек айырым саўатсыз, нәпсиқаў, хошжақпас моллалардың минез-қулқындағы унамсыз иллетлердиң ақыбети көрсетиледи. Бул ўақыялар повесть қаҳарманлары Нызам ҳәм молла образында шебер ашып бериледи» [1:166].

Бир кишкене аўыл балаларының турмысын сүўретлеп, жазыўшы соның менен бирге пүткил қарақалпақ халқының турмысындағы ХХ әсирдиң басларындағы оқыў тәлимниң аянышлы жағдайларын көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда, Ә.Шамуратов бизиң келешек әўладларымызға бай әдебий мийрас қалдырған, әдебият әлеминдеги өшпес жулдызлардың бири болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.
2. Нарымбетов Ж. Халқы қәдирлеген адамзат. //Әмет Шамуратов. Шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004.
3. Нарымбетов Ж. Әмет Шамуратов. Илимий –публицистикалық очерк. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2034.
4. Нурмухамедов М.К. Шығармалары. II том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.
5. Шамуратов Ә. Шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ ёзувчиси Амет Шамуратовнинг асарларидаги образлар типологияси масалалари талқин қилинган. Миллий адабий анъаналар, халқ оғзаки ижодидаги образларнинг ҳозирги про-

задаги бадиий образлар билан узвий алоқалари ўрганилган. Унда бадиий тўқима ва ижодий қайта ёндашиш масалалари сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы типологии образов в произведениях каракалпакского писателя Амета Шамуратова, национальные литературные традиции, преемственная связь фольклорных образов с художественными образами современной прозы. Автор статьи рассматривает также художественный вымысел и творческое преломление через писательскую призму.

**SUMMARY**

The article deals with the issues of typology of characters in the works of the Karakalpak writer Amet Shamuratov, national literary traditions, successive relation of folkloric characters with artistic characters of modern prose. The author of the article also studies the artistic fiction and creative deflection through the writer's prism.

## ЛИРИКАЛЫҚ ПОЭМАЛАРДА СЮЖЕТ ҲӘМ КОМПОЗИЦИЯНЫҢ ЛИРИКАЛЫҚ ҚАҲАРМАН ОБРАЗЫН ЖАСАЎДАҒЫ ӘҲМИЙЕТИ

**(К.Рахмановтың «Сен ҳаққында қосық», Т.Мәтмуратовтың «Перийзат» поэмалары мысалында)**

**П.А.Дабылов** - *үлкен илимий хызметкер-излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** поэма, сюжет, композиция, лирик қаҳрамон, лирик персонаж, монолог.

**Ключевые слова:** поэма, сюжет, композиция, лирический герой, лирический персонаж, монолог.

**Key words:** poem, plot, composition, lyrical hero, lyric character, monologue.

Классикалық дәстаншылығымызда, сондай-ақ, XX әсирдиң 30-40-жылларындағы поэмаларда тийкарынан дәстүрий (хроник) сюжет жетекшилик етип, онда ўақыялардың бир шеттен гүрриң етилиўи нәтийжесинде шығарманы оқып болғаннан кейин бизиң ядымызда көбирек ўақыя-ҳәдийселер системасы орналасып қалатуғын болса, ал енди 60-80-жыллардағы поэмаларда, әсиресе, лирикалық поэмаларда сюжеттиң бул түри реформаға ушырай баслады. Оның орнын қурамалы конструкциялық сюжет ийеледи. Яғный енди пүтин бир сюжет ағымын қурайтуғын ҳәдийсе ҳәм қаҳарманлардың ҳәрекетлери орнына лирикалық қаҳарманның «мен»и арқалы билдирилген руўхый кеширмелер ҳәм терең эмоционал ой-пикирлер толқыны поэмадағы сюжеттиң тийкарын пайда етти.

Шайыр К.Рахмановтың «Сен ҳаққында қосық» атлы монолог типиндеги сап лирикалық поэмасында өмир шынлығы тек ғана лирикалық қаҳарманның монологы арқалы ашып берилгенликтен, онда эпикалық тийкар орнына лирикалық өлшем биринши орынға шығып кетеди. Сонлықтан, бул поэмадағы сюжет объектив тәризде сүўретленбейди, ал терең психологиялық коллизиялар, кескин кеўил драматизмлери, туйғылар системасының берилиўи арқалы-ақ, белгили бир сюжетлик линия (бағыт) ларды пайда еткен. Атап айтқанда, бул поэмада үш сюжетлик линияның бар екенлигин көриўге болады:

1. Лирикалық қаҳарманның дәслеп лирикалық персонаж – қызға суўық қатнаста (улыўма немқурайды) болыўына байланыслы жүзеге келген сезимлер;
2. Лирикалық қаҳарманның кеўлинде қызға деген көзқарастың өзгериўи, ашықлық сезимлердиң пайда болыўы ҳәм күшейиўи менен байланыслы болған терең руўхый кеширмелер ҳәм психологиялық моментлер;
3. Жоқарыдағы еки сюжетлик линия биригип поэманың тийкарғы идеясын келтирип шығарған, яғный бул – муҳаббаттың инсанды әпиўайыдан қоспалыға, жекке инсан дәрежесине көтеретуғын, оны жақсылыққа, гөззаллыққа тәрбиялайтуғын теңи-тайы жоқ күш-қудирет екенлигин тастыйықлаўдан ибарат. Демек, бул поэмадағы сюжеттиң сап лирикалық планда қурылыўы ондағы лирикалық қаҳарман характериниң өзгеше фонда раўажланып барғанлығын көрсетеди. Ал, енди поэмадағы жоқарыда келтирип өткен сюжетлик линияларды ҳәм жети бөлимди бир-бири менен тығыз байланыстырып турған «желим» - композициялық бирлик болып есапланады. Себеби, биринши сюжет линиясындағы лирикалық қаҳарманның бийпәрўалық келбеттеги руўхый ҳалатынан екинши сюжетлик линиядағы ашық яр образына өтиўине тийкар жаратып берген «көпирше»лер бар. Мәселен, 1-бөлимниң соңғы бәнтиндеги:

Жүрек шынтлап тартпады зарын,
Көкирегимди жайлады бослық.
Муҳаббат деп ойлағанларым,
Болып шықты жолдаслық, дослық [2:122]

-деген қатарларды ҳәм улыўма 1-бөлимниң мазмунын 2-бөлимдеги мына бәнт беккем байланыстырып тур:

Бәҳәр келди.
Дөгерек-дашта,
Енди самал есер жағымлы.
Көз нурыңды кеўлиме шаш та,
Сөйле, жаным, әрманларыңды [2:123].

Егер усы қатарларды алып таслаған жағдайда поэманың бир тутаслығы (бир пүтинлиги) бузылар еди. Демек, поэмадағы бир бәнттиң, яки бир сөздиң алып тасланыўы оның бир пүтинлигине нуқсан келтирсе, бул сыпат композициялық қурылыстың беккемлигин көрсетеди. Поэмадағы қыз образы тийкарғы композициялық өзек ролин өтейди. Шайырдың субъектив дүньясынан туўылған бәрше туйғылар системасы оның әтирапына жәмленеди. Поэманың сюжет ҳәм композициялық дүзилисинде усындай жетискенликлер менен бир қатарда айырым кемшиликлердиң де бар екенлиги сезиледи. Бул – поэманың сюжетлик қурылысындағы бирдейлик, яғный бастан-

**Матякупов С.** Эркин Воҳидов шеъриятида инсон маънавий оламининг бадиий ифодаси ........................................................................................... 50
**Нуржанов М.** 1980-жыллардағы қарақалпақ поэмасында қаҳарман образының жасалыў өзгешелиги (К.Каримов дөретиўшилиги мысалында) ......................... 52
**Тоқымбетова Г.А.** «Айдос бий» дәстанларында тарийхый ўақыялардың ҳәм тарийхый тулғалардың сәўлелениўи ..................................................... 54
**Төрткүлбаева Т.** Қазақ-қарақалпақ фольклоры менен әдебияты байланысларының айырым өзгешеликлери ........................................................................... 56
**Юнусзода З.Ю.** Возеҳ саёҳатномасида маърифатпарварлик ғоялари талқини ...... 59

## PEDAGOGIKA. PSIXOLOGIYA. METODIKA. PEDTEXNOLOGIYA

**Аймухаммедова Т.** Улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм кәсип–өнер колледжлеринде оқыўшыларды кәсипке бағдарлаўда үзликсизликти тәмийинлеў мәселелери ............................................................................... 62
**Бекимбетова А.А.** Халқ педагогикасида ёшларга деҳқончилик ҳақида тушунчалар бериш ва об –ҳавони аниқлашга ўргатиш тажрибалари .................................... 64
**Jaksımova U.J.** Qaraqalpaq tili (mámleketlik til) sabaǵında mashqalalı tálimnen paydalanıwdıń bazı bir máseleleri ............................................................... 67
**Елмуратов Р.Х., Асенов Н.Ж.** Обзор методических подходов в обучении иностранному языку ................................................................................ 69
**Ешмуратов Р.А., Сапарниязов И.А.** Биология фанларини ўқитишда нoстандарт тест топшириқларидан фойдаланиш масалалари ........................................... 72
**Эшонкулова Н.А.** Кон саноати ишчи ходимларида соғлом турмуш тарзини қарор топтиришнинг дифференциал хусусиятлари ............................................... 75
**Файзуллаева Г.Ш.** Адабиёт ўқитишнинг узвийлик ва узлуксизлигини таъминлаш – ўқувчи компетенцияларини шакллантириш омили ......................................... 78
**Ильясова З.К.** Оқытыўда тәлим мазмунының бөлимлери бойынша өзлестириў дәрежелерин анықлаў ...................................................................... 81
**Каллибекова М., Искендеров Т.** Использование образовательного проекта при изучении английского языка ......................................................... 83
**Клычева З.П.** Оқытыўшы – оқыўшы – шаңарақтың өз ара қарым-қатнасы бойынша мәсләҳәт бериў машқалалары ....................................................... 86
**Кочкарова Э.** Вопросы подготовки учебника по новейшей истории Каракалпакстана для академических лицеев ....................................................... 88
**Қалжанов П.У., Тойлибаев С.М., Қеңесбаева Д.Б.** Спорт тараўындағы маркетингтиң айырым өзгешеликлери ..................................................... 91
**Маматов Д.Н.** Умумкасбий фанларни ўқитишда лойиҳалаш методини адабтациялаш................................................................................. 93
**Muradkasimova K.S.** Ten effective tips which bring to effective assessment in teaching adults .................................................................................... 95
**Пазылов А.** Той – тәрбия қуралы сыпатында .............................................. 96
**Сулетбаева Э.** Шаңарақ - суицидиал ҳәрекетлерди сапластырыў факторы сыпатында.................................................................................... 98
**Турениязова А.И., Каналиева Н.Н.** Информация қәўипсизлиги пәнин аралықтан оқытыў ушын дидактикалық материаллар жаратыў мәселелери ...................... 101
**Утанов У.** Бўлажак ўқитувчилар маънавиятини шакллантириш мезонлари ва кўрсаткичлари .............................................................................. 102
**Zohidova S.R.** Bo`lajak o`qituvchilarni kasbiy ijtimoiylashtirishning metodologik masalalari ....................................................................................... 107